

BIWO SIKSÈ ELÈV YO ATRAVÈ AKIZISYON LANG (SALA)

Tit III, Pati A, Akizisyon Lang Anglè, Lwa Amelyorasyon Lang ak Akizisyon Akademik

Biwo / Ofis

Siksè elèv yo atravè akizisyon lang/lekòk piblik K-12

Non Pwogram nan

Sipò pedagojik siplemantè pou moun kap aprann Anglè (English Language Learners, ELL).

Objektif/Priorite

Pou amelyore rannman edikasyonèl elèv ELL yo nan ogmante mètriz yo nan lang anglè ak abilite yo pou reponn ak menm kontni akademik leta a ak nòm akademik elèv yo ki pou tout timoun.

Sèvis Ansèyman Siplemantè pou Ogmante Konpetans Elev ELL yo nan Anglè

Idantifye bi distri a, objektif ak estrateji pou ogmante nivo Anglè elèv ELL yo nan fen ane eskolè 2014-2015 la. **Bi/objektif yo dwe enkli tout done ki pi resan ki soti nan Administrasyon evalyasyon aprantisaj Lang Anglè (CELLA).**

AMAO1--- Endikatè Pèfòmans nan Fè Pwogrè: Pousantaj elèv K-12 ki fè pwofi (pase ale nan nivo konpetans siperyè) oubyen nan chak kat (4) domèn CELLA yo. Aplikasyon yo dwe enkli done ki pi resan nan chak domèn: Ekout, pale, Ekri, ak lèkti.

AMAO2--- Endikatè Pèfòmans sou Konpetans nan lang: Pousantaj elèv ELL, ke Kowòt la detèmine, ki te rive mètrize lang anglè nan fen ane eskolè a.

Sèvis Pedagojik pou Ogmante revisit akademik Elèv ELL aktyèl yo ak Ansyen Elèv yo

AMAO 3 (ki rele AMO nan ekzanpsyon fleksibilite ESEA a) Endikatè Pèfòmans Reyalizasyon Kontni pou Lekti ak Matematik: Tout elèv pral vini kontepetan nan Lekti ak Matematik. Byenke syans pa fè pati nan AMAO 3, li enkli nan seksyon sa a kòm yon pati enpòtan nan akonplisman elèv ELL la.

Ogmantasyon Siplemantè pou Devlopman Pwofesyonèl

Aplikasyon sa a dwe enkli aktivite devlopman pwofesyonèl siplemantè ke Tit III a sipòte. Espesyalman, an akò ak direktiv legal aplikab ak regilasyon, dekri aktivite devlopman pwofesyonèl ke LEA pral mennen pou abòde pwoblèm ki idantifye nan evalyasyon bezwen yo epi pou ogmante rannman elèv la ak akizisyon lang.

Ogmante Patisipasyon Paran ak Kominote a nan Eksperyans Pedagojik Elèv ELL yo

Dekri aktivite patisipasyon paran yo ke Tit III sipòte. Espesyalman, an akò ak direktiv legal aplikab ak regilasyon, dekri aktivite majè patisipasyon paran yo ke LEA pral mennen pou abòde pwoblèm ki idantifye nan evalyasyon bezwen yo epi pou ogmante randman elèv la ak akizisyon lang.

Patnè Kolaborasyon yo

Idantifye patnè kolaborasyon federal/eta/lokal ak baz kominotè yo.

Reskonsabilite Lekòk ki gen Moun kap Aprann Lang Anglè yo

Dekri kòman distri a pral rann lekòl elementè yo ak lekòl segondè yo responsab pou atenn bi ak objektif ki enonse nan pwopozisyon sa nan tèm pou amelyore nivo anglè elèv ELL aktyèl yo, epi revisit akademik tout elèv elèv ELL aktyèl ak ansyen elèv yo.

Difisyon/Maketin

Dekri plan difizyon ak maketin LEA a pou kominike ak defann aktivite ak pwogram ki prezante nan aplikasyon sa a bay lekòl yo ak patnè yo. Deskripsyon an dwe enkli kòman LEA pral asire l pou tout kominikasyon ant lekòl ak lakay dwe nan lang matènèl paran/gadyen yo, sèlman si sa klèman pa fezab..

Rapò Rezilta yo

Chak aplikan oblije dekri metòd li pral itilize pou rapòte rezilta elèv ak pwogram yo, rezilta pwojè ke aplikasyon sa a finanse pou paran yo ak lòt distri ak patnè lekòl yo.